



## **Kesyon ak Repons sou Peryòd Enskripsyon Espesyal (Special Enrollment Period, SEP) pou Kowonaviris nan Plan Sante Kalifye (Qualified Health Plans, QHP) yo**

- 1. Èske yo aksepte dat kòmansman 1ye avril la pou tout manm ki vini nan SEP pou Kowonaviris la, menm si yo enskri ant 1ye avril ak 15 avril? Èske n ap aksepte yon prim pasyèl pa mwa pou moun ki vini apre 1ye avril, men ki toujou vle pwoteksyon ann avril yo?**

**Repons:** Wi, nou pral ofri yon dat ki fè bak jiska 1ye avril, si kliyan yo mande li. Objektif nou se pou fè moun yo jwenn swen, men paske nou pa ka fè prim pasyèl, si yo bezwen pwoteksyon nan mwa avril, li pral bezwen kòmanse 1ye avril. N ap aksepte si kliyan yo vle yon dat kòmansman 1ye me tou.

- 2. Èske pwoteksyon QHP a ka kòmanse yon fason retwo-aktif (ki fè bak nan yon dat kip ase deja) anba SEP Kowonaviris la?**

**Repons:** Pwoteksyon ka sèlman kòmanse nan 1ye avril anba SEP kowonaviris la. Kèk manm ka chwazi pou pwoteksyon yo kòmanse 1ye me.

- 3. Èske moun ki deja manm QHP yo ka chanje plan sante yo anba SEP Kowonaviris la?**

**Repons:** Amwenske yon moun ki deja manm QHP deja kalifye pou yon lòt SEP ki pèmèt yo chanje plan yo, yo pa pèmèt yo chanje plan sante QHP yo anba SEP Kowonaviris la.

- 4. Èske yo pral pèmèt kliyan yo te koupe oswa anile pwoteksyon QHP yo paske yo pa te peye, ka re-enskri nan SEP Kowonaviris la?**

**Repons:** Wi. SEP sa a louvri pou moun ki pa gen asirans epi ki kalifye pou QHP. Pwoteksyon pa pral retro-aktif (li pa pral kòmanse nan yon dat ki pase deja), epi anba SEP sa a, li ka sèlman kòmanse apati 1ye avril.